



Pou Piblikasyon Imedya: 14/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOGRÈ POU TRANSFÒME ANSYEN SANT
DEVLÒPMAN SYRACUSE POU TOUNEN DEVLÒPMAN DINAMIK AK POU
ITILIZASYON MELANJE**

***Demolisyon Estrikti 600,000 pye kare ki vid depi lontan an pral fè plas pou plis
pase 250 nouvo kay, 3 ekta tè espas vèt, ak 3,600 pye kare an detay kòm yon pati
nan faz I konstriksyon***

***Investisman an konplete inisyativ "CNY Rising" lan – ki se estrateji global rejyon
an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an***

Kat sit la disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a pwogrè nan transfòmasyon 100 milyon dola ansyen Sant Devlopman Syracuse la pou tounen yon devlopman dinamik ak pou itilizasyon melanje nan Vil Syracuse. Travay demolisyon yo te kòmanse nan 800-2 S. Wilbur Avenue, pou fè plas pou plis pase 250 nouvo kay, 3 ekta tè espas vèt, ak 3,600 pye kare espas komèsyal an detay kòm yon pati nan premye faz konstriksyon pou reyamenaje sit la. Pwojè a, ki ap resevwa jiska 29 milyon dola nan finansman eta a, pral ede sipòte objektif nan tout eta a pou ogmante rezèv lojman New York avèk nouvo opsyon nan tarif mache a ak nan pri abòdab epi etabli yon sant travay rejyonal pou ede gide ekonomi lokal la.

"Avèk demolisyon an k ap dewoule, n ap transfòme Sant Devlopman Syracuse ki te abandone depi lontan an pou tounen bon jan kalite lojman, pou itilizasyon melanje, ak revni melanje ki pral rajeni kominote sa a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ou pa rive genyen pwojè transfòmatè tankou Micron san w pa bati ak investi, epi n ap kontinye travay ak lidè lokal yo tankou Majistra Walsh pou kontinye bati lojman nou bezwen an, kontinye investi nan nouvo opòtinite, epi kontinye kondwi nan direksyon yon ekonomi lavni."

Majistra Syracuse la, Ben Walsh, te deklare, "Demolisyon ansyen Sant Devlopman Syracuse a se yon etap enpòtan nan direksyon transfòmasyon pwopriyete sa a nou t ap tann depi lontan. Sit la te yon pwoblèm vizyèl pou katye ak sekirite piblik pandan plizyè ane. Retounen li nan lis enpo ak nan itilizasyon pwodiktif yo pral yon katalizè pou investisman kontinyèl nan zòn lwès Syracuse. Sit 19 ekta a ideyalman adapte pou

satisfè bezwen an k ap grandi pou lojman bon jan kalite ak revni melanje ak espas fabrikasyon gwo teknoloji nan Syracuse. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te fè pwojè transfòmasyon pou itilizasyon melanje sa a yo t ap tann depi lontan an vin yon reyalite."

Reyamenajman Sant Devlopman Syacuse 600,000 pye kare a se yon pwojè milti-faz, ak itilizasyon melanje ki pral gen ladann plizyè santèn nouvo inite lojman, yon etablisman fabrikasyon avanse avèk espas biwo, nouvo espas vèt ki dinamik ak komès an detay. Faz I nan pwojè a, ki ta dwe kòmanse nan fen 2025, pral gen ladan plis pase 250 nouvo inite lojman, 3 ekta tè nan espas vèt, ak 3,600 pye kare nan espas an detay. Pwojè a pral ede Syracuse ak rejyon Santral New York ki antoure a prepare pou arive Micron, ki gen 100 milya dola angajman pou konstwi yon nouvo kanpis nan vil Clay pral kreye 50,000 nouvo djòb pandan 20 pwochen ane yo.

Finansman eta a pral sipòte travay preparasyon sit anvan devlopman, ki gen ladan demolisyon ak ratrapaj estrikti ki egziste sou sit la ansanm ak investisman enfrastrikti pou elaji liy dlo ak egou, wout ak twotwa, plante pye bwa, kanope ak ekleraj sou sit la. Yo te chwazi yon kontraktè Mohawk Valley Ritter ak Paratore Contracting Inc. pou antreprann demolisyon/ratrapaj anviwònman an nan estrikti ki egziste deja yo ak klasman sit la nan kote demolisyon bilding lan.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Revitalizasyon Sant Devlopman Syracuse ki te vid depi lontan an ofri yon opòtinite pou panse pou pi devan pou adrese priyorite rejyonal alontèm Sant New York yo. Enspire pa angajman inebranlab Gouvènè Hochul pou elaji ekonomi an ak amelyore aksebilite, investisman nou an nan pwojè sa a pral kreye djòb ak opsyon rezidansyèl nan Syracuse ak nan kominote a pi laj pou ane k ap vini yo."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Investisman 29 milyon dola sa a se premye etap ki enpòtan anpil pou reyalize transfòmasyon konplè sou kanpis abandone pou vin tounen yon kominote k ap pwospere ankò. HCR pa ka tann pou l ede vil Syracuse reyalize tout potansyèl sit sa a, avèk omwen 250 nouvo kay, espas ouvri ki an sante, magazen an detay ak enstalasyon fòmasyon travay. Sa a se yon gwo pa annavan epi mwen felisite vizyon Gouvènè Hochul ak angajman lejislati a ak tout patnè k ap rann pwojè sa posib. Nou tout nan sa a ansanm epi n ap dirije pou yon avni pi briyan."

Senatè Eta a, John W. Mannion, te deklare, "Antanke yon Nouyòkè Sant pou tout lavi ki te gade konpayi yo, ak travay yo kite nan ane swasann dis, katrevendis, ak katrevendis yo – li enkwayab pou nou fè pati revitalizasyon n ap wè atravè rejyon an. Transfòme ansyen sit Sant Devlopman Syracuse la pou tounen yon nouvo sant pou lojman ak fabrikasyon pou itilizasyon melanje, ap ranvèse ane malè ak delabremant iben yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul poutèt li kontinye konsantre sou bezwen Sant New York epi mwen anvi wè enpak pozitif devlopman sa a pral genyen sou kominote nou yo."

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Transfòmasyon sit Sant Devlopman Syracuse la se yon etap ki dire lontan pou kontinye bati sou pwogrè Syracuse. Sa a se yon gwo opòtinite pou fè sit ki te neglije depi lontan an nan yon tounen pwopriyete pou itilizasyon melanje, ki gen ladan lojman abòdab. Avèk kriz lojman nou an ak arive Micron, nou bezwen ijan agrandi opsyon lojman nou yo, ak pwojè sa a, ansanm ak lòt moun, se yon etap nan bon direksyon an. Mwen remèyman Gouvènè Hochul pou angajman li pou revitalize zòn sa a pou benefis rezidan New York Santral."

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Antan yon jèn gason, mwen aktyèlman te travay sou konstriksyon Sant Devlopman Syracuse la. Malgre li pote souvni, travay demolisyon an nesèsè epi li pral benefisye non sèlman bò lwès Syracuse men tout Vil la. Mwen espere wè pwojè sa a fini epi felisite Gouvènè Hochul pou sipò li."

Manm Asanble Pamela Hunter te deklare, "Demolisyon ansyen Sant Devlopman Syracuse la make yon etap enpòtan nan efò kontinyèl nou pou revitalize Sant New York. Investisman 29 milyon dola sa a, ki te dirije pa Gouvènè Hochul, pral transfòme yon sit ki te vid depi lontan an yon sant dinamik aktivite ekonomik ak lojman divès revni. Lè li adrese bezwen komèsyal ak rezidansyèl yo, pwojè sa a pral non sèlman kreye djòb, men tou li pral bay lojman abòdab ki nesèsè anpil pou kominote nou an k ap grandi. Mwen kontan wè enpak pozitif devlopman sa a pral genyen sou Syracuse ak pi gwo rejyon an, epi mwen felisite tout moun ki enplike yo pou angajman yo pou fè vizyon sa a vin yon realite."

Chèf Egzekitif Konte Onondaga a Ryan McMahon te deklare, "Antanke yon kominote k ap grandi, li enpòtan pou nou fè investisman estratejik nan devlopman mendèv ak nan lojman. Nou bezwen gen resous ki disponib pou fòme moun pou travay demen pandan y ap asire yo gen yon kote pou yo viv. Reyamenajman Sant Devlopman Syracuse la akonpli tout sa ak plis ankò. Jodi a make yon etap enpòtan nan fè reyamenajman sa a ki vin yon realite e mwen vle remèsye tout patnè ki te travay ansanm pou fè jodi a posib."

Akselere CNY Rising

Anons jodi a vin konplete pwojè "CNY Rising" lan, ki se estrateji global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou kapitalizasyon mache global yo, ki ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi ki enklizif. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York la (www.esd.ny.gov). Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwòle Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development

Councils, REDCs) la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", ki se mak touristik anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)